

Gid Pou Fanmi konsènan Itilizasyon DreamBox Reading Plus pou Aprann Lakay

DreamBox Reading Plus se yon pwogram sou entènèt ki pèsonalize yon fason pou ede elèv yo devlope konpetans yo bezwen pou yo konfyan, pou yo kapab fè lekti epi pou yo aprann pandan tout vi yo. Lè timoun ou an itilize Reading Plus, timoun ou an ap kapab li fasil fasil avèk bon konpreyansyon.



Gade videyo sa ak timoun ou an pou aprann plis sou [Rezon ki fè Reading Plus Bay Rezilta](#). (3,5 min)

Èske ou prè pou w kòmanse? Men kisa pou w fè!

Chak lekòl bay paran yo ak gadyen yo yon lèt Reading Plus ki gen ladan l kòd sit entènèt lan, non itilizatè, ak modpas timoun ou an. Timoun ou an ka itilize enfòmasyon sa yo pou li antre sou login.readingplus.com. Pou lekòl ki ofri elèv yo yon pòtay pou yo aksede a pwogram sou entènèt yo, lekòl la ap bay timoun lan lyen pòtay la ak non itilizatè ak modpas pou l antre sou li.



Pase Evalyasyon de Baz la (InSight) - Nouvo Elèv Sèlman

Èske se premye fwa timoun ou an ap itilize Reading Plus? Si se sa, premye fwa timoun ou an antre sou Reading Plus, li sipoze pase evalyasyon de baz (InSight Assessment) Reading Plus la. Evalyasyon an pran 30 a 50 minit pou yon moun pase l.

Sipòte Timoun ou an Anvan Evalyasyon an

- ✓ Ede timoun ou an jwenn yon kote ki an silans pou li pase evalyasyon an.
- ✓ Ba li kask yon fason pou li ka tande ti videyo oryantasyon yo. Fè timoun ou an konnen ke videyo sa yo ap ede l pou li pase evalyasyon an.
- ✓ Di timoun ou an ke li ap pran anviwon 30 a 50 minit pou li fini evalyasyon an. *Gen elèv ki pran plis tan, genyen tou ki pran mwens.*
- ✓ Fè timoun ou an konnen ke sa nòmal pou li pran yon poz pandan evalyasyon an. Reading Plus ap anrejistre (“bookmark”) kote timoun ou an rive a si li bezwen pran yon poz.
- ✓ Raple timoun ou an pou li bay meyè de li menm.

Y ap kòmanse ak enstriksyon yo imedyatman evalyasyon de baz la fini (InSight assessment). Timoun ou an pral travay sou leson Reading Plus ki koresponn a bezwen li yo, selon rezilta evalyasyon li an.

Sipòte Travay Timoun ou an

Repase Tablo Navigasyon Elèv la (Student Dashboard) avèk timoun ou an omwen de fwa pa semèn pou w asire ke li pase tout leson yo te ba li yo.

Klike sou bouton *Lessons* lan pou w jwenn paj leson yo nan Tablo Navigasyon Elèv la.

The screenshot shows the Reading Plus interface. At the top, there are navigation tabs: Dashboard, Lessons, Messages, Writing, Parents, and Log Out. The user is identified as Joy Booker 10th Gr (At Gr) 10 at Macon Gaines School. The main section is titled 'Select a program and begin lessons!' and lists three programs: Reading (8 more Combos to finish this level), Vocabulary (Master 180 more words to unlock the next level), and Visual Skills. Below this is a 'This Week's Lessons' section with checkboxes for each program. A progress bar indicates '2 days, 8 hours left for this week's assignments to be completed.' The 'Your Total Assignment Completion' table shows progress for weeks 10-16, Feb 17-23, and Feb 24-Mar 1. A legend on the right explains the color coding for lesson completion percentages.

| SR | 34 | 100 | | | | |
|---------------|---------|-------------|----------------|----------|----------|----------|
| Date | 2/16/20 | 2/23/20 | 2/23/20 | 2/24/20 | 2/24/20 | |
| Time | 4:43 pm | 3:01 pm | 11:38 pm | 11:58 pm | 12:16 am | 12:39 am |
| Duration | 18min | 17min | 20min | 19min | 17min | 22min |
| Level | J | J | J | J | J | J |
| F-Rate | - | - | - | - | - | - |
| G-Rate | 158 | 158 | 158 | 158 | 158 | 158 |
| ReReads | 0 | 1 | 1 | 1 | 0 | 2 |
| Comprehension | 88% | 94% | 72% | 68% | 94% | 100% |
| Weeks | 10 - 16 | Feb 17 - 23 | Feb 24 - Mar 1 | | | |

Legend:

- Leson yo bay
- <70%
- 70% – 79%
- ≥ 80%

Ti kare ki vid yo reprezante leson **yo ba yo** epi ti kare ki gen koulè yo reprezante leson elèv la **fin pase**.

Ti kare ki an koulè yo pou Lekti a montre pousantaj konpreyansyon elèv la fè pou chak leson li fin pase.

Pou w jwenn aksè a detay sou done leson yo, klike ba SR vèt la nan seksyon *Total Leson Elèv la Pase a (Total Assignment Completion)*.

Kisa ou sipoze verifye:


- ✓ **Asire w anvan tou ke timoun ou an pase leson lekti yo anvan.** Founiti pou leson lekti yo ak prèske tout done Reading Plus yo reprezante **yon gwo** priyorite.
- ✓ **Selebre siksè!** Pa egzanp, felisite timoun ou an pou chak leson Reading li pase kote li fè 80% konpreyansyon oswa plis.
- ✓ **Chèche Combos.** Timoun ou an ap genyen yon Combo lè li pase de leson Reading yonn dèyè lòt a 80% konpreyansyon oswa pi wo. Combos yo ap ede timoun ou an pou li ale nan yon lòt nivo Reading, kidonk selebre yo!
- ✓ **Raple elèv yo konsènan ReLi (ReReads)** Lè yo ap reponn kesyon nan leson Reading yo, elèv yo ka tounen dèyè sou sa yo te li pou yo al ReLi l (ReRead). Sa ap ede yo chwazi bon repons yo. Verifye pou w wè si timoun ou an ap itilize ReReads.
- ✓ **Asire w ke yo fini ak leson yo nan fen wikenn lan.** Pifò lekòl yo, renouvle leson yo chak dimanch swa a minui.

Ou bezwen konn plis bagay?

Soumèt yon Nòt

Klike bouton pou Ekri a pou w antre nan paj pou Ekri a.

- ✓ Pou w reponn a yon mesaj sou ekran an, timoun ou an ka klike sou mesaj li chwazi a epi tape yon repons dirèkteman nan Reading Plus. Pou w enprime repons lan, jis klike sou ikòn “print” lan anba mesaj la.
- ✓ Ou kapab bezwen itilize Ribrik Reading Plus pou Ekri Konsènan Nòt yo pou w revize travay timoun ou an.



Pale ak Pwofesè Timoun ou an

Pwofesè yo gen anpil gwo lide sou kisa elèv yo ka fè anplis pou yo konstwui konpetans lekti yo. Pale ak Pwofesè Timoun ou an konsènan sa timoun ou an ap fè nan Reading Plus, epi kisa timoun ou an ka fè pou li amelyore konpetans li nan lekti lakay li.



Learn more at
[dreambox.com](https://www.dreambox.com)

Explore DreamBox Math, Reading,
and professional development solutions



MATH



READING